*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 103 (25832)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

**2023 азы 14 июн — хурхæтæны мæйы 14 бон, æртыццæг** Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НЫСАНТÆ
*Национ проектты уагæвæрдтæ*

3 СЫЛГОЙМАДЖЫ ФАРН
*Тематикон фарс*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Дзюдо*

**Нымæцтæ**

## Æхсæнадон фæлладуадзæн бынæтты фæлгонцадæн

2023 азы Цæгат Ирыстоны цалцæггонд æрцæудзысты 42 æхсæнадон фæлладуадзæн бынат æмæ бирæфатерон цæрæн хæдзæртты кæртытæ.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн**.

Министры ныхасмæ гæсгæ, амынд куыстытæн азы дæргъы нысангонд цæуы 181 милуан сомы бæрц. Уыимæ, Тамайы-фырт куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ацы азы цалцæджы пъланмæ хаст объекттæн сæ фылдæрыл куыстытæ ныридæгæн цæуынц.

Уымæй уæлдай, "Чысыл горæттæ æмæ историон цæрæн бынæтты" æппæтуæрæсеон конкурсы уæлахизы фæрцы сæрмагонд гранттæ лæвæрд æрцыд Беслæн æмæ Дигорайæн. Уыцы грантты фæрæзтæй цалцæггонд æрцæудзысты амынд горæтты æхсæнадон фæлладуадзæн бынæттæ дæр.

Ныридæгæн куыст цæуы, 2024 азы фæлгонцады пълантæм цы объекттæ бахæсдзысты, уыдоны номхыгъдыл дæр. Афтæ, Тамайы-фырты ныхасмæ гæсгæ, национ проект "Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг алфамбылай"-ы фæлгæты фидæн азы рацараздзысты 40 æхсæнадон фæлладуадзæн бынаты. Уыцы номхыгъд аразгæйæ, каст цæудзæн горæттæ æмæ хъæуты цæрджыты фæндæттæм дæр.

**Нæ уацхæссæг**

**Бынæттон хиуынаффæйад**

## Поселок Спутничы фæндаджы цалцæг

**Поселок Спутничы дарддæр цæуы сæйраг фæндаджы бындурон цалцæг. Куыстытæ æххæстгонд цæуынц сæрмагонд муниципалон программæйы фæлгæты.**



Кæд къæвдатæ иуцасдæр хъыгдарынц, уæддæр аразджытæ архайынц, цæмæй куыстыты график къахыргонд ма цæуа. Цалцæггæнджытæ ныртæккæ змис æмæ хуырæй бындур æвæрынц ног фæндагæн.

"Фæндагон куыстытæ райдайыны размæ нæ пълантæ фехъусын кодтам горæты цæрæнуатон-коммуналон службæтæн. Уыцы æууæл хынцгæйæ, донуадзæн æмæ хъармдæттæн куыстуæтты минæвæрттæ рагагъоммæ бакодтой нысангонд зæххы бын æппæт хъæугæ куыстытæ. Æмæ ныр, коммуналон хæтæлты цалцæджы фæстæ, фæндагараджытæ дæр сæ куыстмæ бавнæлдтой", — радзырдта муниципалон куыстуат "Фæндагон фонд"-ы директор **Сохъуырты Станислав**.

Ныртæккæ объектыл архайынц 20 специалисты æмæ фæндагон техникæйы 4 иуæджы.

**Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы пресс-службæ**

**Æхсæнад**

## Кадджын хæрзиуджытæ — Уæрæсейы боны агъоммæ



**Уæрæсейы боны агъоммæ Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО цы æмбырд сарæзта, уым паддзахадон æмæ республикон хæрзиуджытæ радта цардархайды алы къабæзты æнтыстдзинæдтæ равдисæг адæмæн.**

Республикæйы разамонæг йæ арфæйы ныхасы æмбырды архайджытæй алкæмæн дæр бузныг загъта, йæ чысыл фыдыбæстæ æмæ æппæт Уæрæсейы райрæзтмæ аккаг æвæрæн кæй хæссы, уый тыххæй.

— Республикæйы æппæт цæрджытæн, стæй сæрмагондæй сымахæн арфæ кæнын нæ бæстæйы сæйрагдæр бæрæгбон — Уæрæсейы боны фæдыл! Махæн не 'ппæтæн дæр Уæрæсе у нæ иумæйаг стыр хæдзар, уый дарддæры райрæзт æмæ фæрныгадыл кусæм иумæйаг хъарутæй. Мæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад æмæ ног æнтыстдзинæдтæ, — бафиппайдта Сергей Меняйло.

Уый фæстæ хæрзиуджытæ сæмбæлдысты сæ хицæуттыл. Афтæ, зæрдиаг æхсæнадон архайд æмæ бирæазон сыгъдæгзæрдæ куысты тыххæй "Фыдыбæстæйы раз сгуыхтдзинæдты тыххæй" цыппæрæм къæпхæны ордены хорзæхджын æрцыд æхсæнадон змæлд "Нæ Ирыстон"-ы сæрдар **Лагкуты Владимир**.

Наукæйы рæзтмæ стыр бавæрæн æмæ бирæазон зæрдиаг фæллойы тыххæй Хæлардзинады орден лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты сæйраг наукон кусæг **Цыбырты Людвигæн**.

**(Кæрон 2 фарсыл)**

**Цæгат Ирыстон — Запорожьейы облæст**

## Черниговы районæй — улæфынмæ

**Ивгъуыд хуыцаубоны Цæгат Ирыстонмæ балцы ссыдысты Запорожьейы облæсты Черниговы районы цæрæг сывæллæтты къорд. 25 лæппу æмæ чызджы, стæй се 'ртæ хъомылгæнæджы цы къорды ис, уыдон сæ фæллад суадздзысты æмæ се 'нæниздзинад фæфидардæр кæндзысты реабилитацион центр "Тæмисчъы".**

Зындгонд куыд у, афтæмæй æрæджы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æмæ Запорожьейы облæсты губернаторы хæстæ æххæстгæнæг **Евгений Балицкий** цы бадзырд бафыстой, уый бындурыл Цæгат Ирыстон æппæтвæрсыг æххуыс кæндзæн облæсты Черниговы районæн.

Бадзырды куыд загъд ис, афтæмæй цæгаткавказаг республикæ йæхимæ райсдзæн районы социалон кусæндæттæ — скъолатæ æмæ рæвдауæндæтты иу хайы цалцæг, стæй районы сывæллæттæн Ирыстоны лагертæ æмæ дзæбæхгæнæн центрты фæлладуадзæн æмæ реабилитацион мадзæлттæ араздзæн. Уымæй уæлдай, архайд цæудзæн æндæр лыггæнинаг фарстатыл дæр.

Æмæ ныридæгæн уыцы куыст райдыдта. Уымæн æвдисæн — запорожьейаг сывæллæтты фыццаг балц Дзæуджыхъæумæ.

Горæты æфсæнвæндаджы вагзалы уазджыты размæ рацыдысты Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдары хæдивæг **Тугъанаты Ларисæ** æмæ республикæйы фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ**.

Бæлццæттæн зæрдиаг салам зæгъгæйæ, Тугъанаты Ларисæ куыд бафиппайдта, афтæмæй, Сергей Меняйлойы амынддзинæдтæ æххæст кæнгæйæ, республикæйы Хицауад араздзæн Черниговы районы цæрджытæн æххуысы мадзæлттæ.

— Куыд иннæ регионтæ, афтæ Цæгат Ирыстон дæр, йæ хъарутæ куыд амоной, афтæ æххуыс кæндзæн нæ бæстæйы ног регионты цæрджытæн. Республикæ æмцегад кæндзæн Запорожьейы облæсты Черниговы районыл. Ныронг уал республикæ районмæ кусынмæ арвыста медицинон æмæ социалон къабазы специалистты фыццаг къордтæ.



Абон та сæмбæлдыстæм фæлладуадзæг сывæллæтты фыццаг къордыл. Мæ зæрдæ дарын, нæ уазджытæ сæ рæстæг уæнгрог æмæ зæрдæмæдзæугæ кæй арвитдзысты, ууыл, — загъта Хицауады Сæрдары хæдивæг.

Фæллой æмæ социалон рæзты министрады минæвары ныхасмæ гæсгæ, запорожьейаг сывæллæттæ Цæгат Ирыстоны арвитдзысты æртæ къуырийы.

**КАЛМАНТЫ Аслан**

**Аудынад**

## Цардæн — хуыздæр уавæртæ

**Се 'нæниздзинад цауд кæмæн у, ахæм адæмы къордæн Дзæуджыхъæуы администрацийы радтой фæйнæ 1,6 милуан сомы аргъ сертификаттæ сæ царды уавæртæ фæхуыздæр кæныны нысанимæ.**

Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны сæйраг горæты администрацийы пресс-службæ.

Ацы хатт ахæм сертификаттæ райстой, алыхуызон низты ахæсты чи бахауд, ахæм 7 адæймаджы. Уыдонæн сæ цæрæнуатон сертификаттæ байуæрста Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеслав**.

"Уæ царды ахæм æхсызгон цау кæй æрцыд, уый тыххæй уын арфæ кæнын. Мæ зæрдæ дарын, хæстæгдæр рæстæг уæ царды уавæртæ кæй фæхуыздæр уыдзысты æмæ уын уыцы æууæл уе 'нæниздзинады уавæрыл дæр хуыздæрырдæм кæй сахаддзæн, ууыл", — загъта Милдзыхы-фырт.

Специалистты ныхасмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны цæрæнуаты 1 квадратон метры аргъ ныртæккæ у 53,5 мин сомы бæрц. Уыцы нымæцты бындурыл нымад æрцæуы, сахъат адæмæн сæ царды уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн цы æхцайы æхххуыс æмбæлы, уый бæрц. Ныртæккæ уыцы сертификаты аргъ у 1,6 милуан сомы.

**Нæ уацхæссæг**

**Хуссар Ирыстонæй**

## Инвестицион программæйы фæрцы…



**Хуссар Ирыстоны социалон-экономикон райрæзты инвестицион программæйы фæлгæты Цхинвалы дарддæр куыст цæуы горæты уынгты инженерон-коммуналон хæтæлтæ раивыныл. Зæгъæм, ацы бонты ахæм куыстытæ ахицæн сты горæты æртæ уынджы.**

Уый тыххæй фехъусын кодта доны хæдзарады паддзахадон унитарон куыстуаты директор **Сиукъаты Иван**.

Подрядон организацийы минæвæрттæ цалцæггæнæн куыстытæ бакодтой Мичурины æмæ Кавказаг уынгты, стæй Сталины фæрсылуынджы. Иннæ æхсæз уынджы куыстытæ дарддæр цæуынц. Пъланмæ гæсгæ, мæйы кæронмæ æппæт нысангонд куыстытæ дæр хъуамæ ахицæн уой.

Сиукъайы-фырт куыд бафиппайдта, афтæмæй арæзтадон æрмæджытæй ифтонг цæуынц афойнадыл.

Æмткæй райсгæйæ, инвестицион программæйы фæлгæты 2025 азы онг базилдзысты 27 цхинвайлаг уынгмæ. Уымæй уæлдай, республикæйы куыст цæуы æндæр арæзтадон æмæ цалцæггæнинаг объекттыл дæр.

**(Информацион агентад "Рес")**

**Дзырды фарн**

*Хуызæдæрæн зонын – Ирыстоны мæт. Уымæн æй хонын мæхицæн дзæнæт.*

*ХЪОРОТЫ Дауыт*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **14 июны,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **26-31 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **26-28 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,22

**Хурыскаст** — 04,18
**Хурныгуылд** — 19,40

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 83,77
**Евро** — 90,39

12+

Нысантæ

# Боны фæткы — паддзахадон программæтæ æмæ национ проектты уагæвæрдтæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАИТЫ Барисы разамындæй цы уæрæх æмбырд уыд, уым бæстон ныхас рауад нысанмæарæзт паддзахадон программæтæ æмæ фыццаградон национ проектты уагæвæрдтæ æххæст кæнынил.**

Профилон ведомствæты минæвæрттæ куыд фæнысан кодтой, афтæмæй 2023 азы дæргъы 23 паддзахадон программæйы фæлгæты республикæйы арæзт æмæ цалцæггонд æрцæуыдзысты 177 алыхуызон ахсджиаг объекты. Экономикон рæзты министр **Кучиты Зауыры** ныхасмæ гæсгæ, уыцы куыстытæ бакæнынæн нысангонд æрцыд 33,2 миллиард сомы. Уыимæ, арæзтадон æмæ цалцæггæнæн куыстытæн хъæугæ фæрæзтæ дихгонд цæуынц рагагъоммæ фидаргонд фæткы бындурыл.

Национ проекттæ царды рауадзыны фарстаты фæдыл республикон управленийы хицау **Томайты Фатимæ** куыд радзырдта, афтæмæй фыццаградон национ проектты уагæвæрдтыл дæр цæуы ахадгæ куыст. Йæ хъуысынгæнинагмæ гæсгæ, проектты уагæвæрдтæ æххæст кæнынæн бюджетæй нысангонд æрцыд 8,8 миллиард сомы.

Хæстæгдæр азты саразинаг объекттыл дзургæйæ, фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ** куыд радзырдта, афтæмæй Дзæуджыхъæуы ацæргæ адæмæн хæдзар-интернаты арæзтады фæдыл хъæугæ проектон-хæрдзты гæххæттытæ бацæттæ кæнынæн дихгонд æрцыд 24 милуан сомы бæрц. Хицауады Сæрдар ведомствæйы разамонæгæн бахæс кодта, цæмæй ахæм объектты арæзтады фæдыл æппæт организацион мадзæлттæ дæр афойнадыл æххæстгонд цæуой. Уымæй уæлдай, Дзанайы-фырты ныхасмæ гæсгæ, иудадзыгон цæстдард хъуамæ уа адæмы алы къордтæн æппæт æмбæлгæ социалон пособитæ фидыны хъуыддагмæ дæр.

Амынд программæтæ æмæ проектты фæлгæты республикæйы арæзт цæуынц 5 ног скъолайы. Уыцы кусæндæтты скъоладзаутæн уæлæмхасæн фæзындзæн 3250 ног бынаты. Ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** куыд радзырдта, афтæмæй ныридæгæн ахицæн Мæздæджы районы Черноярскы станицæйы ног скъолайы арæзтад. 200 ахуырадон бынаты кæм ис, уыцы скъола байгом кæндзысты сентябры. Уымæй уæлдай, ахуырады къабазы объектты цалцæг æмæ арæзтадæн ацы аз республикæйæн федералон бюджетæй уæлæмхасæн радих кодтой 450 милуан сомы бæрц. Министры докладæй хатдзæгтæ кæнгæйæ, Дзанайты Барис куыд бацамыдта, афтæмæй арæзтадон æмæ цалцæггæнæн куыстыты хæдфæстæ хъуамæ афойнадыл æлхæд цæуой ахуырадон процессæн хъæугæ ифтонггæрзтæ дæр.

Ахæм дзуаппон докладтæ скодтой Арæзтад æмæ архитектурæйы, Физикон культурæ æмæ спорты, Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрадтæ æмæ иннæ ведомствæты разамонджытæ.

— Куыд уынæм, афтæмæй республикæйы бирæ ахсджиаг социалон арæзтæдтæ цæуы. Æппæт профилон ведомствæты разамонджытæй дæр курын, цæмæй паддзахадон программæтæ æмæ национ проектты фæлгæты нысангонд куыстытæм уа фыццаградон цæстдард. Уыимæ, æппæт сæвзæргæ фарстатæ дæр хъуамæ æнæкъуыхцыйæ лыггонд цæуой федералон центры æххуысæй, — загъта Дзанайты Барис.

**СЛАНТЫ Аслан**

Зæрдылдарæн фембæлд

# Арфæтæ — Уæрæсейы æвзонг граждæнтæн



**Уæрæсейы боны кадæн Дзæуджыхъæуы цы мадзæлттæ арæзт æрцыд, уыдонæй иу уыд Хицауады хæдзары. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО республикæйы æвзонг цæрджыты къордæн саккаг кодта Уæрæсейы Федерацийы граждæнты паспорттæ.**

Уыцы бон Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы къухæй паспорттæ райстой 29 лæппу æмæ чызджы. Къорды уыдысты предметон олимпиадæтæ æмæ ахуырадон конкурсты уæлахиздзаутæ æмæ призертæ, спорт æмæ цардархайды иннæ къабæзты æнтыстытæ æвдисæг фæсивæд, æхсæнадон архайдмæ æмхиц æрыгæттæ...

— Мæнæн абон уæлдай æхсызгон у ахæм курдиатджын æмæ хъæппæрисджын фæсивæдимæ фембæлын. Æмæ кæд сымах нырма æвзонг стут, уæддæр уæ ахуырæй, спортивон æнтыстдзинæдтæй, æхсæнадон архайдæй бæрæг дарут. Сымахæй алкæцыдæр дæнцæг у рæзгæ фæлтæры минæвæрттæн, — йæ арфæйы ныхасы фæбæрæг кодта Сергей Меняйло. — Дызæрдыг нæ кæнын, сымахæй алкæмæ дæр рæсугъд æмæ фæрныг фидæн кæй æнхъæлмæ кæсы, ууыл. Зындзинæдтæй макуы фæтæрсут, уæ размæвæрд нысантæм æдæрсгæйæ цæут. Махæй, хистæртæй, цы аразгæ уа, ууыл нæ бацауæрддзыстæм.

Фембæлды кæронбæттæны фæсивæд Сергей Меняйлоимæ систой зæрдылдарæн къам

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Уæрæсе — Белоруссы

# Хойраг æмæ агропромышленнон технологиты равдыст

**Ацы бонты горæт Минскы йæ куыст кодта хъæууонхæдзарадон продукци æмæ агропромышленнон технологиты дунеон равдыст ”Белагро-2023”. Уыцы форумы архайдтой цæгатирыстойнаг товаруадзджытæ дæр.**

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Экономикон рæзты министрады пресс-службæ.

Ведомствæйы пресс-службæйы минæвар нын куыд радзырдта, афтæмæй Цæгат Ирыстоны делегацийæн ахæм форуммæ ацæуынæн фадæттæ сарæзта Экспортон архайдæн æххуыстгæнæг республикон центр (кусы регионалон иугонд "Мæ бизнес"-ы сконды).

Ирыстойнаг экспозицийы сæ продукци равæрдтой æнæххæст бæрндзинады æхсæнадтæ "Алания продукт"-ы (салд ирон чъиритæ), "Дезомед" (санитарон сыгъдæгдзинады фæрæзтæ), "Кæрдзын" (нуазыны дон) æмæ чысыл куыстуат "ИП Кулумбегов" (чурчхела æмæ æндæр адджинæгтæ).

Нæ республикæйы минæвæрттæн уыд алыхуызон семинартæ æмæ "цæлхæмбырдты" архайыны, æндæр регионты агропромышленнон компаниты фæлтæрддзинадимæ базонгæ уæвыны фадат.

**ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ**

Президенты бардзырдæй

# Ногæй — черченийы уроктæ

**Уæрæсейы Президент Владимир ПУТИН бахæс кодта иннæ аз скъолаты ахуырады программæтæм черченийы уроктæ бахæссын. Ацы хабар фехъусын кодта РИА ”Новости”**




"Бындурон иумæйаг ахуырады программæтæ æмæ технологон (инженерон) къабазмæ гæсгæ ахуырадисæг адæймæгтæ иумæйаг астæуккаг ахуырады æмвæзадыл черченийы бындуртæ æмæ ахуырадон курс "Черчени" цæмæй хатой, промышленносты кадæн авналæнтæ фæфидар кæнынæн 2024-2025 ахуыры азæй фæстæмæ Уæрæсейы Федерацийы Хицауад уымæн фадæттæ саразæд", — фыст ис гæххæтты.

Хæслæвæрд баххæст кæныны фæдыл бæрндзинад бабар кодтой премьер-министр **Михаил Мишустинæн.**

Хуссар Ирыстонæй

# Сырдты нымæц зынгæ фæфылдæр

**Йæ рæстæджы ”Сырх чиныг”-мæ кæй бахастой, уыцы сырдты нымæц фæстаг рæстæг ногæй рæзын райдыдта.**

Уый тыххæй Цхинвалы йæ пресс-конференцийы рæстæг фехъусын кодта Хуссар Ирыстоны Геологи æмæ æрдзон фæрæзтæй пайда кæныны комитеты разамонæг **Кочысаты Роксанæ**.



"Хорз дæнцæгæн æрхæссæн ис, фæстаг цалдæр азы дæргъы Хуссар Ирыстоны ногæй сагты, æрсыты, стайтæ æмæ "Сырх чиныг"-мæ хаст æндæр цæрæгойты нымæц кæй фæфылдæр, уый. Уыимæ, хъæддаг хуыты нымæцыл æвзæрæрдæм иуцасдæр сахадыдта африкæйаг емынæйы низæфтауæг", — загъта комитеты сæрдар.

Управленийы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, фадæттæ куыд амонынц, афтæ архайд цæуы хъæддаг цæрæгойты нымæц фæфылдæр кæнынил. Зæгъæм, 2023 азы республикæмæ æрбаласдзысты сагтæ æмæ хуыргæрчытæ.

***(Информацион агентад "Рес")***

# Кадджын хæрзиуджытæ — Уæрæсейы боны агъоммæ

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Бирæазон сыгъдæгзæрдæ куыст æмæ йæ къабазы æнтыстджын архайды тыххæй кадджын нæмттæ саккаг кодтой: "РЦИ-Аланийы адæмон поэт" — Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг **Наталья Куличенкойæн**, "РЦИ-Аланийы адæмон артист" — Суанты Кимы номыл паддзахадон национ эстрадон оркестры артист **Лазарты Алексейæн**, "РЦИ-Аланийы паддзахадон граждайнаг службæйы сгуыхт кусæг" — Мæздæджы районы территорион æвзарæн къамисы сæрдар **Владимир Гречаныйæн**, "РЦИ-Аланийы муниципалон службæйы сгуыхт кусæг" — Алагиры районы Контролон-нымайæн палатæйы сæрдар **Зарасаты Маринæйæн,** "РЦИ-Аланийы сгуыхт дохтыр" — **Суанты Нинæйæн**, "РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг" — Сунжæйы хъæууон библиотекæйы сæргълæууæг **Лалыты Верæйæн**.

Бирæазон зæрдиаг куысты тыххæй Цæгат Ирыстоны Кады грамотæтæ райстой медицинон центр "ГемоМедикал"-ы дохтыр **Гъуцъунаты Валентинæ** æмæ Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты физикон хъомылады кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг **Дзугкойты Артур.**

Уый тыхæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

Хъæппæрис

# Дызæрдыгæн бынат нæй

**Æмбæхсæн хызтæ сæрмагонд æфсæддон операцийы хæстонтæн бийынц зæрæдтæ æмæ сахъат адæмы хæдзар-интернат ”Аудындзинад”-ы. Раздæр уыцы куыст кодтой сылгоймæгты Алайнаг моладзандоны, фæлæ фæстæдæр та баиу сты хæдзар-интернатимæ йæ кусæг Маххабат ЮДИНАЙЫ хъæппæрисæй.**



— Æз уыцы хуызы æххуысæй уæддæр иу цалдæр æфсæддоны куы фервæзын кæнон, уæд уый тыххæй мæ рæстæг æмæ мæ хъарутыл, мæ гæнæнтыл нæ бацауæрддзынæн. Мæнæн ныртæккæ уым хиуæттæй ничи ис, фæлæ дзы ис мæ бирæ зонгæтæ, æмбæлттæ, уымæй уæлдай та ма æз, æппынфæстаг, дæн дыууæ ас фырты мад. Райсом уыдон дæр, гæнæн ис, æмæ хæцæг æфсадмæ ацæуой. Æмæ кæд уыцы хæст басабыр кæнынмæ мæ бон у уæддæр иу гыццыл хай бахæссын — иу уысм дæр дызæрдыг нæ кæндзынæн, — загъта Маххабат Юдина.

Йæ ныхæстæм ма бафтаудзыстæм уый дæр, æмæ уыцы арфæйаг куыст моладзандоны райдыдтой **Верæ Бартелы** куырдиатмæ гæсгæ, уымæн дæр йæ лæг архайы сæрмагонд æфсæддон операцийы. Верæ сарæзта бархионты къорд "Хуыйæм æмæ бийæм нæхионтæн".

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Æдасдзинад

# Нымад сты транспортон фæрæзтыл

**Амæй фæстæмæ Дзæуджыхъæуы электрон хæдтулгæтыл цæуыны уагмæ бахæсдзысты ивддзинæдтæ.**

"Горæты администрацийы фæндонмæ гæсгæ ахæм хæдтулгæтыл Сабырдзинады проспектыл сахатмæ 10 километрæй тагъддæр цæуæн нæ уыдзæн, Хетæгкаты Къостайы номыл фæлладуадзæн æмæ Сабиты паркты та сын се змæлд бынтондæр сæхгæндзысты.

Уый тыххæй баныхас кодтам амалхъом адæмимæ", — нæ уацхæссæгæн загъта муниципалон куыстуат "Проектон офис"-ы директор **Елеты Сослан**.

Авд азы онг кæуыл цæуы, уыцы сывæллæттæн сæ бон хæдтулгæтыл цæуын уыдзæн æрмæстдæр фистæг адæм æмæ велосипедистты фæндæгтыл, æцæг, хистæртæй семæ исчи куыд уа, афтæмæй. Авд азæй цыппæрдæс азы онг сывæллæттæн та бар уыдзæн уыцы фæндæгтыл цæуын æнæ хистæртæй, фæлæ хæдтулгæйы уæз хъуамæ ма уа 35 килограммæй фылдæр. Цыппæрдæсаздзыд æмæ хистæр сывæллæттæн æмбæлдзæн сæйраг фæндæгтыл рахизфарсæрдыгæй цæуын, тротуар кæнæ дзы фистæг адæмы фæндаг куы нæ уа, уæд. Иу электрон хæдтулгæйыл дыууæ кæнæ фылдæр адæймагæн цæуæн нæй.

Куыд зонæм, афтæмæй ахæм хæдтулгæтæ дæр ацы азы 1 мартъийæ фæстæмæ нымад сты транспортон фæрæзтыл. Дзæуджыхъæуы электрон хæдтулгæты лæггæдтæ дæттынц дыууæ компанийы — ООО "Юрент" æмæ ООО "Вуш".

**ГАСАНТЫ Валери**

Æркæсинаг фарста

# Рæстдзинад агурæм

**Кæд бирæ ногдзинæдтæ фæзынд царды, уæддæр адæм сæ зæрдæ нæ ивынц газеттæ æмæ журналтыл. Сæрдæй-зымæгæй, хурæй-къæвдайæ сæ алы хæдзармæ дæр ног хабæрттимæ хæццæ кæнынц постхæсджытæ. Æрыдоны районы Фыййаджыбылы цæры 868 адæймаджы. Алы бинонтæ дæр, искуыиуæй фæстæмæ, рафыссынц районы æмæ республикон газеттæ. Посты кусджытæ сæ бирæ азты зæрдиаг куысты тыххæй уарзон сты хъæубæстæн. Се ’рбацыдмæ адæм фенхъæлмæ кæсынц, уæлдай æхсызгонæй та хистæртæ.**




Парахат сты посты лæггæдтæ абон. Постхæсджытæ байуарынц пенситæ, пособитæ, ам бафидынц доны, рухсы, газы хæрдзтæ.

Хæдзары хъæугæ лыстæг дзаумæттæ дзы асламдæр аргъæй ис балхæнæн.

Ныр æрæджы цæрджытыл айхъуыст, ома, дам, посты хайад кусын райдайдзæн бонцухæй. Хуыздæрмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, адæм фыдæнхъæл фесты. "Уый та куыд у, æмæ зæронд газеттæ байуардзысты, ивгъуыд рæстæджы хабæрттæ кæсдзыстæм!

Газет нæ ныхасæмбал, нæ хорз хæлары хуызæн у махæн...", — дзурынц сæ хъуыдытæ

Адæм сæ хъаст бахастой бынæттон æмæ Æрыдоны районы администрацитæм. Кæмæй аразгæ у ацы вазыгджын хъуыддаг, чи батыхсдзæн Фыййаджыбылы уавæрыл?

Сæ хъуыдытæ, сæ фиппаинæгтæ ныффыстой æмæ фæхæццæ кодтой Уæрæсейы посты цæгатирыстойнаг хайады хицау Калоты Олегмæ:

"Курæм дæ, бацархайут, цæмæй нæ посты хайады æрвылбоны куыст ма фæкъуылымпы уа. Нæ хъæубæстæн посты кусджыты лæггад æнæмæнгхъæугæ у. Уæлдайдæр та пенсиисджытæ мæстджын сты, æрвылбоны газеттæ сын къуыри æртæ хатты кæй хæсдзысты, ууыл. Бирæтæ домынц сæ рафыссыны ‘хца фæстæмæ. Ног хуызы кусын куы райдайа нæ посты хайад, уæд, адæмæн цы лæггæдтæ ‘мбæлы, уыдон афойнадыл нал исдзысты. Цæмæн хъуамæ æвадат уавæрты цæрой кæйдæр æнæрхъуыды миты тыххæй?

Иу хатт ма дæм сидæм, нæ фарстамæ нын бæрнонæй æркæсин æмæ, нæ посты хайад, ныр куыд у, ахæм фæткмæ гæсгæ кусæд дарддæр".

Фыййаджыбылы разагъды лæгтæ, бынæттон администрацийы сæргълæууæг **Плиты Валодя**, Хистæрты советы сæрдар **Хъулаты Ирбег** æмæ фæсивæды минæвар **Гæрисаты Азæмæт** рæстдзинад агурæг ссыдысты нæ газеты редакцимæ. Сæйраг редактор **Хозиты Барисимæ** бæстон æрныхас кодтой сæвзæргæ фарстатыл. Посты куыст ахæм хуызы куы рацаразой, уæд уый æвзæрырдæм фæзындзæн мыхуыры æппæт фæрæзтыл дæр. Хъуыдыйаг у ацы фарста. Ныфс нæ ис, рæстдзинад кæй фæуæлахиз уыдзæн, уымæй.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**




**Æхсæнад**

# Æвзаджы рæзтæн

**Æвзæгтæ сты материалон æмæ монон культурæ бахъахъхъæныны мадзæлттæ. Æвзæгтæ сæфтмæ кæй цæуынц, уый у дунейы актуалон темæ. Ирыстоны æхсæнад дæр йæ хъус æрдардта ацы фарстамæ æмæ хъуыды кæны, куыд æй алыг кæна, ууыл. Уый фæдыл уæ зонгæ кæнын КАДЗТЫ Иринæйы куыстимæ.**

Иринæ байгом кодта ирон æвзаг ахуыр кæнынæн центр, ам æвзаджы фарстамæ кæсынц æндæр цæстæнгасæй, ома, ныры дуг цы ногдзинæдтæ домы, уыдоны фæлгæты. Йæхæдæг та зæгъы, ирон æвзаг абон тыхст уавæры кæй ис, ома, йыл дзурджытæ бирæ нæй, фыссын, кæсын зонынц, фæлæ дзы æрвылбоны царды пайда ничи кæны.



Кæд мадæлон æвзаджы ахадындзинадыл дзурæм, уæд æвзаг хъуамæ ахиза æхсæнады царды сæйраг къабæзтæм — Интернеты тыгъдадмæ — Иринæ æрхъуыды кодта проект **"Рухс_ссудз"**, амалгæнджытæн та раргом кодта ахæм хъуыды, цæмæй сæ куысты фылдæр пайда кæной ирон æвзагæй, ома, рекламæ æмæ равдыстæгтæй.

Проект "Рухс_ссудз"-ы Иринæ адæмы размæ хæссы ирон поэзи, равзары хицæн æмдзæвгæтæ æмæ авторон тексттæ. Ацы хъуыды зæрдæрайгæйæ айстой сæхимæ нæ республикæйы цæрджытæ. Каналы æрмæджытæ апарахат сты æмæ ныридæгæн йæ бафыссæгты нымæц у иу минæй фылдæр.

— Ам хъæуы ахъуыды кæнын, цы у сæйрагдæр? Рекламæ æмæ равдыстæгтæ цæттæ кæнынц æмæ у тынг хорз хъуыды. Æхсæнад дæр æм хорз цæстæнгасæй кæсы, фæлæ хъæуы дарддæр ацæуын. Зæгъæм, конференцитæ дыууæ æвзагыл дзурыны фæткимæ. Цæуылнæ ис ирон æвзагæй пайда кæнын? Нæ сæйраг хæс у не 'взаджы билингвалон уавæры райрæзтыл кусын — уырыссаг æмæ ирон æвзаг хъуамæ иумæ хъуысой, — зæгъы Иринæ.

Ирон æвзаджы нысан абон рæзы, уый зыны мыхуыры фæрæзты æмæ социалон интернет-сыфты куыстыл. Абон алчи хъуамæ йæ бар бакæна æвзаджы фарста, уымæн, æмæ йæ фидæн æрмæст махæй аразгæ у.

**Æнæниздзинад**

# Нанайы хъарм къухтæ

**Медицинæйы къабазы кусджытæн, уæлдайдæр та сылгоймæгтæн ис уæлдай ахсджиаг нысаниуæг. Сывæллæттимæ кусæг дохтыртæ та сты, нæ адæмы фидæны æнæниздзинад чи хъахъхъæны, уыдон. Сæрмагондæй уый æрмæст дохтырты тыхтæй аразгæ нæу, фæлæ дæсны медицинон хоты руаджы дæр. Уыдонæй иу у Сывæллæтты республикон рынчындоны хистæр медицинон хо ДУДАЙТЫ Эльзæ.**



Уырысмæ фæзæгъынц, æртæ æмбалæй дын иу дохтыр хъуамæ уа, фæлæ æвзæр дохтырæй хорз медицинон хо зынаргъдæр у. Сыхбæстæйы фидауц æмæ фыццаг æххуысгæнæг. Цал æмæ цал хатты Эльзæ сыстад йæ хъарм хуыссæнæй, цæмæй ацæргæ иунæг сыхагæн укол скæна кæнæ йын йæ туджы æлхъывдад сбара. Мæхицæй йæ зонын, ацы адæймаджы къух æцæг профессионалы къух кæй у, уый. Укол дын куы кæна, уæд æй хатгæ дæр нæ фæкæндзынæ.

— Цыфæнды дæсныйады дæр адæймаджы, ахуырæй уæлдай, хъæуы фæлтæрддзинад. Æрыгæттæм та абон, хъыгагæн, зонындзинæдтæ дæр нæй, нæ йæ æмбарын, цæуыл сæ ахуыр кæнынц, уый. Рагæй уыди, пъланмæ гæсгæ, прививкæтæ кодтам, æмæ нæм иуахæмы æрбакодтой хæрзхуыз сывæллоны. Нæ æрыгон дохтырæн йæ бон нæ уыд тугдадзин ссарын æмæ йæ къух ныххуынчъытæ кодта. Цыфæнды хабары дæр ис бафæрсæн фæлтæрдджындæр адæймаджы, цæмæй дын æй бацамона, **дохтырæн та рæдийыны бар нæй,** — зæгъы Эльзæ.

Уымæй уæлдай, Эльзæ у дыууæ чысыл кæстæры нана, уыимæ та стыр зæрдæйы хицау. 35 азы кусгæйæ, иу райсом дæр æвæндонæй нæ ацыд куыстмæ.

**Ахуыргæнæг, куыд кадджын у дæ ном!**

# Сæйраг нысан — сывæллоны зæрдæмæ фæндаг ссарын

**Дзæуджыхъæуы Кучиты Юрийы номыл 27-æм скъола хъуыстгонд у хорз ахуыргæнджытæй æмæ ахуырдзаутæй. Ирон филологийы факультеты 4-æм курсы студенттæ дзы мæйы дæргъы цыдысты практикæ æмæ, чи зоны, бауарзтой ахуыргæнæджы дæсныйад, сывæллæтты та сразæнгард кодтой мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ. Уый фæдыл нæ газеты редакцимæ фыссы, практикæйы чи уыд, уыдонæй иу — ГОДЫЗТЫ Аринæ.**

Фыццаг бон нæ базонгæ кодтой ахуыргæнджытимæ. Уыдонæй иу у директоры хæдивæг зонадон-хъомыладон куысты **Кадзаты Людмилæ**, конспекттæ уыдысты йæ бæрны. Æрмæст скъолайы кæй кусы æмæ сывæллæтты ирондзинадыл кæй ахуыр кæны, уый дæр бирæ цæуылдæртыл дзуры. Фæлæ мæн фæнды радзурын **Гæджиты Лянæйы** тыххæй.



Фыццаг бонты нæ хæс уыд методикон æмæ организацион куыстимæ базонгæ уæвын. Сæйраг мæм фæкаст ирон æвзаджы ахуыргæнæгимæ ныхас. Уый мын бæлвырдæй бамбарын кодта, урок куыд хъуамæ цæуа æмæ хъусдард фылдæр цавæр фарстатæ домынц, уый.

Фыццаг бонæй фæстæмæ, бадтæн Гæджиты Лянæйы урокты æмæ мæ фæнды сæрыстырæй зæгъын, ахæм разамонæг мын кæй ис, уымæй бирæ рамбылдтон. Цæмæ гæсгæ йæ зæгъын, уый дæр бамбарын кæнон. Лянæ мын æххуыс кодта куыд урочы пълантæ кæнынæн, афтæ конспекттæ фыссынæн дæр. Мæхæдæг ахуыргæнæджы бынаты куы æрлæууыдтæн, уæд мын мæ рæдыдтытæ æнæ бафиппайгæ нæ уагъта. Мæ зæрдæмæ фæцыд кусын ахæм адæймагимæ, кæцы йæ куыст æмæ йæ кæстæрты афтæ тынг уарзы, æмæ мæнæн, суинаг ахуыргæнæгæн, алцыдæр бæстон æмбарын кодта.

Практикæйы рæстæджы мæ зæрдæмæ фылдæр фæцыд сывæллæттимæ куыст. Лянæйы фæрцы мын æнцон уыд ссарын алы скъоладзауы зæрдæмæ дæр хицæн фæндаг. Мæнмæ гæсгæ, ахуыргæнæджы сæйраг нысан дæр уый мидæг ис — сывæллоны зæрдæмæ фæндаг ссарын, уый фæрцы рæзы сæ цымыдисдзинад ирон æвзаг æмæ литературæмæ.

**ГОДЫЗТЫ Аринæ,**
**ирон филологийы факультеты 4-æм курсы студенткæ**

**Бинонты цард**

# "Хотæ — иумæ"

**Сылгоймаг фыдæлты рагзамантæй у фарнхæссæг. Уый у хæдзары бæркад æмæ æгъдау хъахъхъæнæг. Сылгоймагмæ къух сисын нæ, фæлæ йемæ хыл кæнын дæр нæ фыдæлтæм уыд худинаг. Хъыгагæн, абон нæлгоймæгтæ сæхи арæх сæвæрынц æгад бынаты. Сылгоймаджы бартæ бахъахъхъæнын абон у æхсæнадон фарста. Нæ газеты редакцийы хистæр уацхæссæг аныхас кодта "Хотæ — иумæ"-йы организацийы бындурæвæрæг БЕКЪОЙТЫ Агуындæимæ.**

***— Абон дæ куыст баст у сылгоймæгты бартæ хъахъхъæнынимæ, куыд райдыдтай уыцы куыст æххæст кæнын?***

— Сылгоймаджы бартæ хъахъхъæнын цавæрдæр фæткмæ гæсгæ нæ райдыдтон. Юридикон ахуырад мæм нæй, уыимæ, сылгоймæгтæ сæ хæдзары тыхмиимæ кæй æмбæлынц, уый тыххæй дæр ницы зыдтон.

Ирыстоны, куыд бирæтæ, афтæ æз дæр фæфæдис дæн, Гæджиты Регинæйы, рухсаг уæд, куы амардтой, уæд. Уыйадыл мæхи фæндæй æмæ мæхи тыхтæй райдыдтон архайын сылгоймаджы бартыл. Кæй зæгъын æй хъæуы, мæ фарсмæ уый бæрц адæм æрбалæудзæн, уый нæ зыдтон. Мæ фæнды уыд социалон сыф "Хотæ иумæ"-йы фыссын ацы фарстайы тыххæй, æмæ уый фæрцы цавæрдæр хорздзинад бахæссын не 'хсæнады цардмæ.



***— Ахæм ахсджиаг хъуыддагыл хæст дæ, кæцыйы, мæнмæ гæсгæ, сæвзæрынц зындзинæдтæ. Цæвæр зындзинæдтимæ сæмбæлыс дæ дæсныйады?***

— Æппæты зындæр уыд архайын уыцы фыдмитимæ. Мæ бон сæм нæ уыд уæлæнгай цæстæй кæсын. Тынг зын сты æмбарын, сылгоймагыл йæ тых нæлгоймаг кæй æвзары, уый. Хуымæтæг адæймаг ахæм цаутæ куы фены кæнæ куы фехъусы, уæд æй нал фæфæнды, кæронбæттæны цы 'рцыд, уый базонын. Тынг зын кæсæн у, удæгас адæймагæн куыд тыхми кæнынц, уымæ. Мады амарын йæ сæрмæ куыд хъуамæ æрхæсса нæлгоймаг.

Хаттæй-хатт мæ дисы бафтауы æхсæнады цæстæнгас дæр ацы фарстамæ. Бирæтæ хæдзарон тыхмийы ныввæндтæн фидистæ фæкæнынц, зæгъгæ, уæхи аххос уыд. Ахæм цæстæй куыд хъуамæ кæса æхсæнад сылгоймаджы уавæрмæ? Уыцы хъуыдытæй мæ фæнды бафæдзæхсын Ирыстоны сылгоймæгты. Цæмæй хæдзарон уæлазары фарстамæ æхсæнад йæ хъус æрдара, уый тыххæй нæ хъæуы иумæйагæй æнæтæргæйæ дзурын ацы фарстайыл, халын æй æмæ йæ хъæугæ мадзæлттæй скъуынын.

***— Абоны бон сылгоймаг бинонты æмæ æхсæнады æхсæн цы бынат ахсы? Фæстаг 10 азмæ хæдзары сылгоймагыл тыхæвзарæны хъуыддаг истæмæй фæивта?***

— Цæмæй ацы фарстайæн дзуапп радтæм, уый тыххæй нæ хъæуы зонын статистикæ. Хъыгагæн, Уæрæсейы ахæм статистикæ нæй. Ис марыны æгъдауы статистикæ, фæлæ уый бæлвырд ныв не 'вдисы, уымæн æмæ хæдзарон тыхми алы хатт мæлæтмæ не 'ркæны. Ис моралон тыхми, химарыны æгъдаумæ æртæрын, æмæ афтæ дарддæр. Уыдон Мидхъуыддæгты министрады статистикæмæ нæ бахауынц. Ис фæсаууоны статистикæ, уый кæнынц алыхуызон организацитæ, зæгъæм, Уæрæсейы нымæцтæ æмбырд кæны Уæрæсейы сылгоймæгты æнæпаддзахадон иугæндты консорциум. Уыдон хъахъхъæнынц сылгоймæгты бартæ, æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы нымæцтæм гæсгæ хъуыддаг нæ фæхуыздæр. Сæйраг зындзинад уый мидæг ис, æмæ хæдзарон тыхмийы тыххæй информаци рабæрæг кæныны фæдыл алыхуызон организацитæ къуыхцытæ баййафынц.

Ирыстоны тыххæй куы дзурæм, уæд раздæр ахæм хъуыддæгтæ æхсæнадмæ нæ хастой. Абон информацион Интернет тыгъдады фæрцы мах фылдæр зонæм ацы фарстайы тыххæй.

***— Нæ газеткæсджытæн дæ цы фæнды зæгъын?***

— Сылгоймæгтæн мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй æмбарой, цы тых æмæ сæ цы хъару ис, уый. Сæ кад æмæ сæ намыс цы ахадгæ сты, уый сæ зæрдыл дарой. Мæ алыварс ис бирæ ныййарджытæ, сæ тых æмæ сæ зонд ис хъæбатырты æмрæнхъ. Мад у æхсæнады сæйрагдæр уæнг, уый Ирыстоны сылгоймæгтæ хъуамæ æмбарой.

**Æмбисæндтæ**

# Мады зæрдæ хурау тавы



❁❁❁

Доны гуырæн — суадон, бинонты амонд — ныййарæг мад.

❁❁❁

**Мадæн йæ хъæбул никуы зæронд кæны.**

❁❁❁

Æппæты хуыздæр æмбал — мад, æппæты хуыздæр бæстæ — Фыдæлты зæхх.

❁❁❁

**Ныййарæг мад кæд йæ къух дард фæхæссы, уæддæр йæ хъæбулы фæлмæнæй ныццæвы.**

❁❁❁

Мæргътæ уалдзæджы ралæудыл фæцин кæнынц, цот та — сæ мады 'рцыдыл.

❁❁❁

**Мад цавæр уа, ахæм уыдзысты йæ цот дæр.**

❁❁❁

Ныййарæг мадæн баивæн нæй.

❁❁❁

**Сывæллоны æнгуылдзы рыст мады зæрдæмæ цæвы.**

❁❁❁

Мады къухæй цы хойраг бахæрай, уый уæлдай хæрзаддæр вæййы.

❁❁❁

**Мады зæрдæ хурæй тынгдæр тавы.**

❁❁❁

Мады рæвдыдæн кæрон нæ вæййы.

❁❁❁

**Мадæн йæ хъæбултæ — йæ къухты æнгуылдзтæ: кæцыфæнды дзы фæриссæд — зæрдæмæ æмдзæф кæнынц.**

❁❁❁

Хуымгæнæгæн зæхх йæ мад у, магусайæн та — йæ фыды ус.

**Адæймаг æмæ йæ архайд**

# Удхъомыс

**Сылгоймаг у царддæттæг, йæ тых уыйас у, æмæ йæ бон у ног цард сфæлдисын. Радты хъомылад æмæ кусы сывæллоны уды тых раргом кæныныл. Йæхи 'рдыгæй уыцы царды хъомысы хай радты, æмæ йæ фæхъæуы фæстæмæ байдзаг кæнын йæ зæрдæ рухсы тыхтæй. Абон нæ Зæххы къори фæфылдæр кодта йæхи хъомысы арæхы бæрц. Хъыгагæн, адæймаг нæма бамбæрста, рухсы фарсыл æй кæй хъæуы цæуын, æмæ йæ архайд та æрмæст уæздандзинады æвдисæн кæй хъуамæ уа, уый.**

Ирон æгъдау нæ фыдæлты рагзамантæй у æнгом баст уды хъомысимæ. Уымæн æвдисæн сты не 'гъдæуттæ, зæгъæм, æртæ чъирийы кæныны æгъдау. Уый иумæйагæй æвдисы адæймаджы иудзинад йæ алфамбылай æрдзимæ æмæ реалон рæстæгимæ. Ацы æгъдау сылгоймаг фæкæны кувгæйæ, ома, Хуыцауæй куры, цæмæй кувинаг хойраджы рухсы хъомыс бацæуа. Цымыдисаг уый у, æмæ Индийы цæрæг адæм бахъахъхъæдтой уыцы бастдзинад хойраг æмæ хъомысы æхсæн. Абон бирæтæй фехъусын, зæгъгæ, нын индиæгтæ цæмæн амонынц цард? Афтæ чи дзуры, уыцы адæм ферох кодтой, ирон æгъдау дæр рухсы хъомыс, удыхъæды арæхад, иудзинад, æфсарм æмæ уæздандзинадæй аразгæ у, уыдон та нын фыдæлтæй кæй баззадысты, уый.



Бирæ рæстæг æз иртæстон æмæ абон дæр иртасын йогæйы бындур. Индийы цы зонындзинæдтæ райстон, уыдонæй скодтон ахæм хатдзæг — йогæ, фыццаджыдæр, у рухстауæн мадзал. Ома, адæймаджы сразæнгард кæны хуыздæр æмæ уæлдæр рухс зонындзинæдтæ райсынмæ.

Сылгоймаг ацы дунейы ахсы стыр бынат. Кæд нæлгоймаг у хуыз аразæг, уæд сылгоймаг та у, уыцы хуыз чи байдзаг кæндзæн, ахæм удгоймаг. Куыд загътон, афтæмæй уый у царддæттæг æмæ кусы уды хъомысы райрæзтыл. Уый та у тынг ахсджиаг куыст. Сылгоймаг йæхи рухс хъомыс схардз кæны æмæ йын фæстæдæр нал фæфаг кæны. Уый тыххæй йæ удыхъæд æмæ йæ ахаст цардмæ фæкардзæр вæййы. Уый нысан кæны, йæ уды хъомыс кæй фæтардæр ис, уый. Ахæм уавæры сылгоймаг хъуамæ архайа йæ миддунейыл, цæмæй та рухсы хъомыс фæфылдæр уа. Уымæн та хъæуы æрдзы хъæбысы уæвын, Хуыцаумæ кувын, дун-дунейæ бузныг уæвын йæ исбонады тыххæй. Уый куы араза, уæд йæ бинонты, йе 'мбæлтты, йæ царды иумæйагæй нал баззайдзæн бынат тар хъуыдытæн æмæ йыл тыхст дæр нæ тых кæндзæн. Йæ бон уыдзæн йæ уарзт иумæйагæй парахат кæнын йæ алыварс цæрæг адæмыл, афтæмæй уыдоны цард дæр хуыздæр кæндзæн.

Вæййы афтæ дæр, æмæ адæймагæн йæ бон нæу æнæ æххуысæй слæууын рухсы фæндагыл. Ахæм адæмæн æз æрхъуыды кодтон **"Уарзæгой къухтæ"**. Хуымæтæг къухæвнæлд æй схонæн нæй, уымæн æмæ адæймаджы буарыл нывгонд цæуынц символтæ, уыдон зайæгойты сой æмæ уды хъомысы фæрцы скусынц адæймаджы пайдайæн.

Бæрæгбоны фæдыл мæ фæнды зæгъын, цæмæй нæ сылгоймæгтæ æркæсой сæ миддунемæ, феной, цæмæй сын у арæзт, æмæ раиртасой сæхицæн, тар цард кæнын сæ фæнды æви рухс. Æмæ равзарой сæ удæн пайдайаг. Нæ Зæхх уый равзæрста адæмæй раздæр, æмæ ныр уæлдæр хъомысы æмвæзадмæ цы адæм не схиздзысты, уыдонæн зын цæрæн уыдзæн.

**ТОГОЙТЫ Терезæ,**
**йогæйы хъомысы фæндагамонæг**

**Культурæйы къæбиц**

# "Дæ дæсныйад куы уарзай, уæд..."

**Бæркадджын у Ирыстоны культурæйы къæбиц. Йæ бындурыл æрмæст мах нæ, фæлæ ма нæ кæстæрты кæстæртæ дæр араздзысты сæ аивад. Чиныг фыссай, ныв кæнай, кæнæ дзаума хуыйай, уæлдай дзы нæй, аивады цыфæнды хайады дæр спайда кæндзынæ традицион культурæйы уылæнтæй. Афтæ бакодта хуыйæг УАТАТЫ Зæринæ дæр.**



Уататы Зæринæ у модæйы æрмадз "SofiRa R"-ы (Софира — мудрость) разамонæг. Йæ хъуыды æмæ йæ къухтæй арæзт дзаумæттæ сты уæлдай аив. Ныры дуджы модæйы ис этникон миниуджытимæ дарæс. Зæринæ йæхицæн æрхъуыды кодта дарæсы историон миниуджытæ равдисын, æмæ уæлдай нæу, цавæр культурæмæ хауы, уый.

Сывæллонæй Зæринæ каст, йæ нана куыд хуыйы, уымæ, æмæ райдыдта йæ куклатæн дарæс хуыйын. Скъолайы рæстæг ахуыр кодта модæйы театр **"Аланочкæ"**-йы. Уæды рæстæгмæ хауы йæ фыццаг уæлахиз дæр — йæ дарæсы коллекци рамбылдта ерысы. Афтæмæй, Зæринæ райдыдта архайын, куыд Уæрæсейы модæйы ерысты, афтæ дунейы дæр, фарон та бахауд "5 хуыздæр модельеры"-йы номхыгъдмæ.

Зæринæ ма хауы бирæсывæллонджын ныййарджыты къордмæ. Фарст: "Куыд дын æнтысы"-йæн та дæтты ахæм дзуапп: "Дæ дæсныйад куы уарзай, уæд дæ къухы алцыдæр æфтдзæн". Кæстæрты фæзындимæ йæхицæн сбæлвырд кодта, фыдæлты культурæ дарддæр хæццæ кæнын кæй хъæуы, уый. Фæлтæрты бастдзинад халын не 'мбæлы, фæлæ йыл иумæйагæй бакусын хъæуы.

Национ модæ æмæ национ культурæйы æмбарынæдтæ кæрæдзийыл баст сты, уыимæ, сты æнæрлæугæ æмгуысты архайджытæ. Этникон дарæсы алы миниуæг æвдисы бæлвырд фæтк, æгъдау æмæ ахаст. Сылгоймаджы дарæс æмæ нæлгоймаджы дарæс дæр хуыд вæййы, фидаргонд традицимæ гæсгæ. Зæгъæм, даргъ дыстæ хъуыдысты, цæмæй кафты мидæг, æнæнхъæлæджы, карæдзийыл ма андзæвой кафæг фæсивæд.

Зæринæйы бæллицтæй иу у Дендрарийы скæнын этникон дарæсы равдыст. Иннæ та — цæмæй ныры фæсивæд ма фесафой фыдæлты национ дарæсы фарн.

**Фарс бацæттæ кодта ГОБОЗТЫ Агуындæ**



## Спортивон фидиуæг



Дзюдо

# Тасойты Инал — дунейы чемпион

**Мæйы размæ дзюдойæ Катары сæйраг горæт Дохайы цы дунеон чемпионат цыдис, уым Уæрæсейы спортивон кад хъахъхъæнæг ТАСОЙТЫ Инал хæцыд кæронбæттæн ерысты.**

Инал, чемпионаты уæззау уæзы (+109 кг) хæцгæйæ, æнæкъуылымпыйæ фæуæлахиз цыппар нымæлæуугыл æмæ кæронбæттæны фембæлд францаг дзюдоист, Олимпиаг хъæзтыты æртæ хатты уæлахиздзау, дунейы цалдæр хатты чемпион **Редди Ринеримæ**.



Сæ ныхмæлæуды дыууæйæ дæр уыдысты тынг къæрцхъус, æмæ фембæлды кæронмæ дæр хыгъд баззад æмхуызонæй. Цæмæй уæлахиздзау сбæрæг уа, уый тыххæй тæрхонгæнджытæ, ерысты фæткмæ гæсгæ радтой уæлæмхасæн рæстæг. Уым, фыццагдæр, рæстмæ кæй архайд рауадаид, уымæн лæвæрд цыдис уæлахиз. Ахæм уавæры Инал хорз фæцарæхст, æмæ йын бантыст Ринеры тагамийыл аппарын. Раст зæгъгæйæ, йæхæдæг дæр уый фæстæ йæ ныхмæлæууæджы фарсмæ æрхауд, фæлæ уæлахизхæссæг баллтæ Инал бакуыста раздæр. Тæрхонгæнджытæ ацы уавæры рæдигæ фæкодтой кæнæ барвæндонæй бахæрам кодтой, уый зын зæгъæн у, фæлæ уæлахиз радтой Ринерæн. Ацы уавæр дзырддаг рауад, æмæ æппынфæстаг дзюдойы дунеон федерацийы сæрмагонд къамис раст хатдзæг кæй не скодтой æмæ Тасойты Иналæн рæдыдæй сыгъзæрины бæсты æвзист хæрзиуæг кæй саккаг кодтой, ууыл.

Афтæмæй Инал нымад æрцыд дунейы чемпионыл, æмæ йын лæвæрд æрцыд IJF мæйы фæстæ хъуыддагмæ лæмбынæгæй æркасти. Йæ уæнгтæ сразы сты, тæрхонгæнджытæ сыгъзæрин майдан. Дзюдойы дунеон федерацийы къамисы уынаффæйæн хорз аргъ скодтой Уæрæсейы Президент Владимир Путин æмæ нæ бæстæйы дзюдойы федерацийы сæргълæуджытæ. Тасойты Иналæн зæрдиаг арфæ ракодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло.**

Ирыстоны спортуарзджытæн ацы хабар уыд уæлдай æхсызгондæр. Инал ссис фыццаг ирыстойнаг дунейы чемпион дзюдойæ. Йæ иузæрдион фарсхæцджыты зæрдæ йын зæгъы ног стыр æнтыстдзинæдтæ. Уыдонæй сæйрагдæр сты Олимпиаг хъæзтытæ, кæцытæ 2024 азы цæудзысты Парижы. Уырдæм балцæг райсыны рейтингон ерысты Иналы бацархайын хъæудзæн зæрдиагæй. Ахæм дунеон турнир 22 июны райдайдзæн Монголийы, æмæ Инал йæхи цæттæ кæны уырдæм.

Рæствæндаг-иу фæуæд Инал, æмæ, йемæ цы 'мбæлттæ цæудзысты, уыдон!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Барад

# Гæрæнтæ — нозты ныхмæ

**Самарæйы æнæххæст бæрндзинады æхсæнад "Анди" кæй уадзы, уыцы карз нозт "Мистер сидр" цæгатирыстойнаг дуканитæм æрбафтыд æви нæ, уый сбæлвырд кæнынæн нæ республикæйы Мидхъуыддæгты министрады кусджытæ 450 базарадон кусæндонæй фылдæр бабæрæг кодтой.**

**Ныридæгæн амынд нозт нæ республикæйы базарадон кусæндætты нæ рабæрæг. Ведомствæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, барадхъахъхъæнджытæ дуканиты уæйгæнинаг карз нозты хуызтæ дарддæр бæлвырд кæнынц.**

**Амæй размæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй амынд нозты аххосæй Уæрæсейы цалдæр регионы цæрæг 100 адæймагæй фылдæр маргхъæстæ фесты.**

*Нæ уацхæссæг*

## Энергетикæ

# Зымæгмæ цæттæ уæвын хъæуы



**Кировы районы энергохызæгон комплекс фæззыгон-зымæгон афонмæ бацæттæ кæныны фæткмæ гæсгæ, нæ республикæйы акционерон æхсæнад "Россети Цæгат Кавказ" амынд районы сцалцæг кæндзæн 40 километрæй фылдæр электрон тыхдæттæн линитæ æмæ 14 трансформаторон дæлстанцæйы. Ацы хабар фехъусын кодта "Интерфакс".**

**Зæгъæм, энергетиктæ базæрондуæвæг 76 цæджындзы æмæ раууатмæ æрцæуæг 6 километры электрон тыхуадзæн телтæ ногтæй баивдзысты.**

**Нæ уацхæссæг**

## Арфæ

# Мыртазты Муратбеджы чызг Дианæйæн

*Цардбæллон, удвидар, æцæг ирон, æгъдауджын чызг, уарзон хо, кæстæр, Заманхъулæй рацæуæг, ныр Беслæны цæрæг Мыртазты Муратбеджы чызг Дианæйæн уыд йæ райгуырæн бон. Цы амонд кæсы æрыгон, зондджын, хæрзарæхст æмæ хæрзарæзт чызгмæ, уыцы фарн æмæ хорзæхтæй Дианæйы Хуыцау æмæ дунейы фарн уæлдайджынтæй фæхайджын кодта, зæгъгæ, уæд рæдыд нæ уыдзæн.*

*Йæ уд æмæ зæрдæ, суанг йе 'взонджы бонтæй хайджын сты адæймагдзинады иууыл бæрзонддæр æмæ бæллиццагдæр миниуджытæй. Зоны æмæ æмбары, царды хорз æвзæрæй хицæн кæнæн цы хуызы ис, уый. Хион æмæ мыггаджы алы фæлтæртыл æнувыд чызгæй, йæ мадырвадæлтæ Цæгæратæн уарзон æмæ зынаргъ хæрæфыртæн. Хорз æмбал æмæ хæларæй, сыхаг æмæ зонгæйæ йæхи уарзын кæны Дианæ, йæ алыварс чи ис, уыдонæн се 'ппæтæн дæр. Йæ алы уæнгæй зыны йæ рæсугъд æгъдау æмæ уаг. Йæ мидбылхудт, уæздан æмæ аив дзырдæй, хурау, тавы йæ хотæ æмæ хиуæтты. Цы зоны, уый — бæлвырд æмæ бæстон. Æнæлаз, зæгъынц, хур дæр нæу, фæлæ Дианæйæн уымæй тæссаг нæу æмæ нæ уыдзæн.*

*Абон дæр Мыртазты Дианæ у йæ профессион цæттæдзинад æмæ адæммæ рæсугъд зæрдæйы ахастæй Заманхъул æмæ Беслæны фæзминагдæр кæстæртæй иу. Йæ царды нысан — адæмæн, хиуæттæн æрмæстдæр хорзы цæуын. Тыхст адæймагæн йæ фарсмæ æгъдауыл балæууын, кæм хъуыддагæй, кæм ныхасæй сын æххуыс бакæнын.*

*Мыртазты Дианæйæн йæ райгуырæн боны мах, йæ хотæ æмæ æфсымæртæ, кæнæм зæрдиаг арфæ. Æнæниз æмæ цардбæллон у дæ царды алы бон дæр, нæ зынаргъ Дианæ (Дадыкки), афтæмæй дыл Хуыцау, Мады-Майрæм, быдыры зæдтæ æмæ хохы дауджытæ сæ хуыздæр арфæтæ уадзæнт кæддæриддæр!*



**Ацы арфæтæ дын кæнынц дæ уарзон хотæ, æфсымæртæ — Виктория, Мæдинæ, Вероникæ, Валери, Сослан, стæй дæ хæрæфырттæ — Дзанайты Георги æмæ София**

## Чингуыты тæрхæгыл

# Адæмæн уарзон сфæлдыстад

**Ирыстоны адæмон фыссæг, поэт, прозаик, тæлмацгæнæг, критик Хуыгаты Сергейы ном рагæй зындгонд у ирон чиныгкæсæгæн, уымæн æмæ йын адæм зæрдиагæй кæсынц йæ уацмыстæ. Афтæ куы нæ уаид, уæд дыккаг хатт нæ рауагътаид фæфылдæргондæй йæ чиныг "Гъе, уый дын Хепа".**

Мæнæ цы фыссы чиныджы райдайæны "Адæмæн уарзон", зæгъгæ, уым Хъазиты Мелитон: "Фыссæг, æвæццæгæн, иууыл амонджындæр вæййы, йæ ног чингуытæм ын дзыллæ, сабийы райгуырдау, куы фенхъæлмæ кæсынц. **"Чиныг зонд у, чиныг — цард"**, — дзырдта Епхиты Тæтæри. Æмæ сын фыссæг уæд уыцы чиныджы æрмæст сæ хъысмæт нæ фæнывкæны, фæлæ сын хурмæ фæхæссы сæ зæрдæты бæллицтæ сæ фидæны царды нывтимæ. Ноджы ма дзы зæгъæн куы вæййы: "Арф у йæ хъуыды, рæсугъд — йæ конд, æмбисонд — йæ нывтæ, адджын — йе 'взаг", — уæд та бынтон диссагæн дзуринагæн баззайы. Уый фыссæгæн йæ бон бавæййы, царды æххæл-мæххæл фæндæттыл адæмæн семæ уæхск-æмуæхск куы фæцæуы, сæ цæхх æмæ кæрдзын æмдих куы фæкæнынц, "дæу у", "мæн у" ын загъд мæ куынæ фæсайы.

Нæ ирон фысджытæй адæмæн ахæм уарзон чи у, афтæ куы хъуыды кодтон, уæд мæ зæрдæнымады мæ цæст æрхæцыд, ныллæггомау, къæсхуыр, сагъæсхуызæй мидбылхудгæ чи фæныхас кæны, уыцы лæгаулæг Хуыгаты Сергейыл дæр.




Æмæ дарддæр фыссы Мелитон: "Радзырды сæр "Гъе, уый дын Хепа!" куы бакæсæм, йæ райдианимæ йын куы базонгæ вæййæм: "Хепа колхозы бригадирæй куыста. Æцæг у, мæнг у — иунæг Хуыцау йæ зонæг, фæлæ, куыд дзурынц, афтæмæй уый размæ та къæбицы хицауæй куыста", — уæд ма нын цы базонын фæхъæуы, Хепайы хуызæттæ ахæм куыстуæтты цахæм фæд уагътой, уый. Æмæ та фенæм: "Хепа æмæ йæ бинойнаг Цъыцъыл дыууæ урс-урсид арынджы уæлхъус дзуццæджы бадынц æмæ гъæйттæй базар кæнынц — Хепа нæлхæ уæй кæны, Цъыцъыл — къæдорцыхт". Фæлæ диссаг уый у, Хепайы хуызæттæ кæй никуы дæлдон кæнынц. Нæхæдæг сæ фервæзын кæнæм. Æмæ та уый дæр: райсом алчи йæ аходæны сагъæс куыд кодта, афтæ Хепа уæлбæхæй, йæ уæйлаг нымæт топтыхт æмæ саргъы фæстаг гопмæ нахæтбосæн баст, афтæмæй фæцæйцыд йæ ног куыстмæ. Гъе, уый дын Хепа!"

Æмæ кæронбæттæны Хъазиты Мелитон балхынцъ кодта: "Хуыгаты Сергейы радзырдтæ иууыл тынгдæр æмбулынц, цардæй ист кæй сты, цард сæ кæй фыцы æмæ цард фæрæсугъддæр кæнынил кæй дзурынц. Фыссæг йæхæдæг дæр, йæ нывæфтыд аивад дæр адæмæн уарзон уымæн сты".

**Æрмæг бацæттæ кодта АБАЙТЫ Эдуард**

## Аивад

# Комкоммæ эфиры

**Цæгат Ирыстоны адæмон инструментты ансамбл "Рагон" æппæтуæрæсеон телеуынынады Фыццæгæм каналы комкоммæ эфиры равдыста концерт.**

**Концертамонджытæ ирон æвзаджы аивдзинад, стæй рæвдззæлæг æмæ уыцы-иу рæстæг хиуылхæцæг музыкæ бафиппайдтой. Ансамблы артисттæ цæгъдынц рагон музыкалон инструменттæй. Этнографион æрмæг Цæгат Ирыстоны зынвадат хъæуты чи æмбырд кæны, ансамблы уыцы уæнгтæ сæ репертуармæ бахастой рагон æмæ нырыккон адæмон зарджытæ æмæ ирон фæндырæй цæгъдтытæ.**



**ДАТИТЫ Ольгæ**

## Кæмæй у сæрыстыр нæ хъæу

# Равзæрст фæндагыл — фидар къахдзæфтæй

**Царды хæзнатæй хъæздыг æмæ æххæст куы разыной бинонтæ, уæд сæ кæстæртæ уыцы миниуджытæй, æнæмæнг, фæхайджын уыдзысты.**

Авд лæппуйы æмæ чызг хъомыл кодтой Гаппуаты фæрныг хæдзары. Ныййарджытæ сæ сабиты хастой сыгъдæгзæрдæ фæллойæ. Кадджын æмæ æгъдауджынæй зыдтой Мичурины хъæуы Гаппуаты Дæццийы. Бирæ азты хъазуатон куыст кодта бынæттон колхозы. Йæ бинойнаг Фæрниаты Ханиффæ уыд къæбæрдæттон, фæлмæнзæрдæ сылгоймаг, йæ уды хъæру æххæссыд æппæт сабитыл. Уæздан, æгъдауылхæст, фæллойуарзаг ныййарджыты къухы чи схъомыл уа, уыцы кæстæрæн æвзæрæй тас нæу.

Махæн нæ дарддæры ныхас уыдзæн Дæцци æмæ Ханиффæйы æппæты кæстæр хъæбул Æхсары тыххæй. Йæ сабибонтæй фæстæмæ йæ зæрдæ никуы сивта йæ райгуырæн хъæу Мичуриныл. Ам йе 'мгæрттимæ цъæх нæуыл хъазыд пуртийæ, хæдзары куыстытæ кодта æнæзивæгæй.

Скъоладзау уæвгæйæ, архайдта уæгъдибар хъæбысхæстæй. Йæ фыццаг тренер дæр уыд — йæ хистæр æфсымæр Гаврил. Фæстæдæр йе 'мбал лæппутимæ цыдысты Æрыдоны спортивон скъоламæ, хатгай-иу фистæгæй дæр ныххæццæ сты. Скъолайы фæстæ лæппуйы фæндыд паддзахадон университеты физкультурæйы факультетмæ бацæуын, йæ цард спортимæ сбæттын, фæлæ йæ ныййарджыты фæндонимæ сразы æмæ бацыд Хъæууон хæдзарадон институтмæ æмæ æнтыстджынæй ахуыр кодта механизацийы факультеты. Архайдта Уæрæсейы фæсивæды 'хсæн ерысты, спартакиадæты, ссис спорты мастер уæгъдибар хъæбысхæстæй. Уый тыххæй йын кад уыдис студенттæ æмæ ахуыргæнджыты 'хсæн.

Инженеры диплом райста, афтæмæй йæ акодтой æфсадмæ. Службæ кодта Фæскавказы æфсæддон зылды, Гуырдзыстоны. Æрыгон лейтенант хæдзармæ куы æрыздæхт, уæд æм колхозы уæды сæрдар Гаджиты Албег фæсидт æмæ йын бабар кодта æфснайæн комплексæн разамынд дæттын. Хæрзарæхст, æнæзивæг лæппумæ фæкомкоммæ районы разамынд æмæ йæ снысан кодтой Æрыдоны районы фæскомцæдисы райкомы хайады сæргълæууæгæй. Уый фæстæ та йæ фæлтæрддзинад бахъуыд, йæ райгуырæн Мичурины хъæусоветы сæрдарæй кусгæйæ.

Æхсарæн йæ хъысмæт афтæ рауад, æмæ та йæ ногæй æфсæддон уæлæдарæс скæнын бахъуыд. Дард Казахстаны службæ кодта, уым дæр ирон лæджы ном бæрзонд хаста, полчы уыд замполит. Алы хъуыддаджы бæрнон кæй уыд, уымæ гæсгæ Гаппуайы-фырты, бæргæ, урæдтой, царды хорз уавæртæ саразынæй йын зæрдæтæ æвæрдтой. Фæлæ, ирондзинад лæгæн йæ туджы куы уа, уæд никæимæ фемхæццæ уыдзæн.

Сыздæхт хæдзармæ, æмæ йæ бынæттон колхозы сæрдар Калоты Костя йæхицæн хæдивæг скодта. Дзуапп лæвæрдта холлæгтæ цæттæ кæныны фарстытæн. Абон дæр Æхсар æхсызгонæй æрымысы уыцы рæстæг. Хъæздыг хæдзарад, стурвос, фыстæ æмæ хуыты фермæтæ, быдырты бæркад — бирæ. Адæм



иумæйагæй зæрдæрухсæй куыстой хæдзарады исбонадыл. Уырдæм йе 'вæрæн хаста Æхсар дæр.

Иу бон æм фæсидтис партийы райкомы фыццаг нымæрдар Баскаты Станислав æмæ йын фидарæй загъта, Æрыдоны консервгæнæн заводы директорæй йæ кæй æвæрынц, æмæ йын алывæрсыг æххуысæй ныфс бавæрдта. Афтæ, Æхсар йæ царды чиныджы ног сыгъдæг сыф рафæлдæхта æмæ заводы бакуыста 17 азы.

Æрлæууыд куыстуаты уæрæх кæрты — зæрдæ йæ уындæй нæ рухс кодта, цехты ифтонггарз зæронд. Уæдæ фæлтæрддзинадæй дæр афтæ хъæздыг нæ уыд æрыгон директор. Кæдæм бавналай, кæцæй райдайай, уый бæрæг нæ уыд — бирæ лыггæнинаг фарстатæ. Фæлæ зындзинæдтæй нæ фæтарст æмæ æвæллайгæйæ кусын райдыдта. Фыццаджыдæр, кад æмæ аргъ кодта фæллойгæнæг адæмæн. Иумæйаг хъарутæй бавнæлдтой бындурон рацарæзтмæ. Рæстæгимæ æмдзу кæй кодтой, уый фæрцы заводы фæзынд ног цехтæ, ног ифтонггæрзтæ. Разамонæгæн йæ архайд уыд æргом, æмæ йыл адæм баууæндыдысты, уый та у æнтыстдзинады рахæцæн. Æнæзæгъгæ нæй, уæды рæстæг нæ республикæйы хомаджы промышленносты управленийы разамонæг Хъæдохты Аркади цы стыр æххуыс кодта заводæн, уый дæр.

Æрыдойнаг продукци цыдис Советон Цæдисы алы къуымтæм, суанг Камчаткæ æмæ Сахалинмæ дæр. Æрвылмæй 40 вагоны фæйнæ 60 тоннæйы алыхуызон консервтимæ æрвыстой фæлхасгæнджытæн. Заводы кусджыты нымæц-иу сæрды мæйты схæццæ 800 адæймагмæ. Алы кары адæм дзы куыстой æхсæвæй-бонæй, кæрæдзи ивгæйæ. Сæ фæлладуадзынæн сын уыд æппæт гæнæнтæ дæр. Куыстуаты æнтыстдзинæдты тыххæй йæ директоры бирæ хæттыты схорзæхджын кодтой Кады грамотæтæй. Фæлæ цытмæ никуы тырныдта Æхсар, йе стырдæр хæрзиуæг уыд æмæ у адæмы хорз цæстæнгас. Уыцы азты кæимæ куыста, уыдонимæ абон дæр цæры æнгом æмæ хæларæй.

Фæстæдæр куыста Хъæууон хæдзарады министрады управленийы хицауæй. Уыд Æрыдоны районы минæвæртты советы депутат.

90-æм фæлдурæджджын азты цард сæмтъеры. Бирæ куыстуæттæн сæ архайд бамынæг, уыимæ — Æрыдоны консервгæнæн заводæн дæр.

Уыцы рæстæг бирæтæ саразтой хи фермерон хæдзарæдтæ. Хи хæдзарад саразта Æхсар дæр, йæ бинонтимæ кæнынц мæргътæ дарыны куыст. Сæ исбонæй фæхайджын вæййынц бирæтæ. Æрæджы се 'ххуысы хай арвыстой, Донбассы чи хæцы, уыцы æфсæддонтæн.

Æхсар у хорз адæймаг, хорз æфсымæр, хорз æмгар. Ацы бонты йыл æххæст кæны 70 азы. Хæзнаты хæзна сты йæ бинонтæ, хæстæджытæ, кæстæртæ. Йæ цардæмбал Бæдтиаты Беллæимæ схъомыл кодтой æртæ кæстæры — Эрик, Таймураз æмæ Алинæйы. Ныр та цин кæнынц уыдоны хъæбултыл.

Алкæддæр æнæниз æмæ цардбæллон у, Æхсар, æмæ дыл фæрнджын адæмы арфæтæ цæуæнт!

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

### Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**ПРОДАЕМ**
**чистый, просеянный чернозем в мешках.**
**Доставка.**
**Тел.: 8-928-856-90-89;**
**8-928-856-90-83**
**(Руслан).**

**Профессиональное омоложение (обрезка)**
**плодовых деревьев,**
**кустарников, цветов.**
**Рекомендации по уходу — на месте.**
**Тел.: 8-928-856-90-89;**
**8-928-856-90-83**
**(Руслан).**

Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19,** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстонполиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3434.
Заказ № 681.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**